KONSÈY POU MANDE POU DOSYE PASYAN OU ITILIZE MyUHealthChart

Etap 1

Pou mande kopi dosye sante w yo:

- Konekte ak kont **MyUHealth Chart (Tablo MyUHealth)..**
- Klike sou Menu (Meni).
- Klike sou Request Records (Mande Dosye).

Etap 2

Fòm Request Formal Copy of Health Record (Demann Kopi Fòmèl Dosye Sante)

Ki moun nou voye dosye ou yo?

- Klike sou Me (Mwen menm) - Nou pral voye dosye yo ba ou.
- Klike sou Someone else (Yon lòt moun) - Nou pral voye dosye yo bay moun ou vle.
  Ou pral bezwen antre nan doktè oswa sistèm sante a: Non, adrès, nimewo telefòn, nimewo faks, adrès imel.

Ki dat ou bezwen pou dosye yo?

- Klike sou All dates (Tout dat) pou kopi tout dosye sante w yo.
- Klike sou Date range (Ranje dat) pou dosye sèten vizit. Ou ka antre dat vizit yo pou dosye ki nesesè yo.

E si w pa konnen dat vizit yo?

- Si w pa konnen dat la, ou ka tape non doktè ki te wè w la. Kalite; All records for Dr. (Tout dosye pou Dr.) (Non doktè a)

Ki enfòmasyon ou vle mete nan dosye ou a?

- Klike sou Include (Mete ladan l) akote atik ou bezwen yo. Nou ka ajoute dosye medikaman, rapò laboratwa, X-ray (radyografi), pwosedi ou te fè, oswa nòt doktè.

Èske w gen nenpòt enstriksyon pou nou?

- Ou ka tape enstriksyon pou nou ki gen rapò ak dosye sante yo.

Klike sou Continue (Kontinye).

Etap 3

Nan pwochen ekran an, w ap bezwen:

- Klike sou kaz I agree (Mwen dakò) anba Consent for release of information (Konsantman pou divilgasyon enfòmasyon).
- Klike sou Send Request (Voye Demann).

Etap 4

Yon fwa nou fin ranpli demann ou an, n ap voye yon mesaj ba ou ke dosye ou yo pare. Pou jwenn aksè nan dosye yo:

- Konekte ak kont **MyUHealth Chart (Tablo MyUHealth)**
- Klike sou Menu (Meni).
- Klike sou Document Center (Sant Dokiman)
- Klike sou Requested Records (Dosye yo mande yo).

Sipò teknik

Si w gen nenpòt pwoblèm ak modpas ou, tankou difikilte pou rekipere li, tanpri rele **1-786-654-4818.**

Ekip nou an ap travay lendi jiska vandredi.
Yon fwa nou resevwa demann ou an pou dosye ou yo, nou pran apeprè 48 èdtan pou nou konplete li.

Pou èd ak dosye sante ki nesesè touswit, tanpri kontakte:
Savitri Ramnath Mahabir **srm290@med.miami.edu oswa** Alesia Ewing **aewing@med.miami.edu**
Health Information Management – Release of Information (Jesyon Enfòmasyon Sante – Divilgasyon Enfòmasyon) 305.243.5272
uchartecopy@med.miami.edu

UHealth
UNIVERSITY OF MIAMI HEALTH SYSTEM